

Ascension St. Vincent
Avi Komen Sou Metòd Konfidansyalite

AVI SA A EKSPLIKE NAN KI KONDISYON ENFÒMASYON KI KONSÈNE W YO
KAPAB ITILIZE OSWA DEWALE EPI KÒMAN OU KA GEN AKSÈ AK
ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI EGZAMINE L AVÈK ATANSYON.

Angajman nou

Nou pran angajman pou nou pwoteje vi prive ak konfidansyalite enfòmasyon sante w yo. Avi sa a eksplike dwa ou genyen anrapò ak enfòmasyon sante w yo ak nan ki kondisyon nou gen dwa itilize oswa devwale (pataje) enfòmasyon w yo.

Kiyès k ap swiv avi sa a

Avi sa a genyen tout anplwaye yo (asosye yo), estaf medikal la, estajyè yo, etidyan yo, moun k ap fè benevòl yo, antreprenè yo, vandè yo, ajan ak manm estaf lopital Ascension St. Vincent yo, sant pou swen anbilatwa, famasi yo, laboratwa yo, kabinè medikal ak lòt founisè swen sante nan lopital Ascension nan k ap suiv li. Gen kèk lokal ki ka aji tankou yon antite afilye ki kouvri (ACE) yon fason pou yo soumèt anba règleman HIPAA yo. Ascension St. Vincent ap patisipe tou nan òganize yon aranjman swen sante an kolaborasyon ak lòt enstitisyon nan Ascension nan epi yo kapab itilize epi pataje enfòmasyon w yo pou trètman, pèman epi operasyon swen sante yo ki gen rapò ak aranjman sa yo ak jan règleman HIPAA yo pèmèt sa. Pou w ka jwenn yon lis detaye sou lokal yo, tanpri kontakte Responsab Pwoteksyon Vi Prive nan Ascension St. Vincent ("Privacy Officer") jan sa eksplike nan Avi sa a.

Fason nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w yo.

Avi sa a eksplike diferan fason nou ka itilize oswa devwale (pataje) enfòmasyon sante w yo ak nan sitiyasyon kote n ap bezwen otorizasyon w pou nou fè sa. Nou kapab kontakte w pa mwayen telefòn, imèl, oswa mesaj tèks nan nimewo oswa adrès ou ban nou yo. An jeneral, nou sèvi ak metòd kode pou nou komonike avèk ou pa mwayen elektwonik, men nou kapab kominike tou ak metòd ki pa kode, tankou ak mesaj tèks, epi depi ou ban nou nimewo telefòn ou oswa imèl, ou dakò resevwa mesaj yo nan fason sa a.

Pi souvan, nou itilize epi pataje enfòmasyon w yo pou trètman, pèman, ak fonksyonman swen sante. Sa vle di nou ka itilize epi pataje enfòmasyon w yo, pa egzanp:

- Avèk lòt pwofesyonèl swen sante k ap trete w oswa avèk yon famasi pou ranpli preskripsyon w.
- Avèk plan asirans ou an oswa yon lòt mòd pèman yon fason pou nou kolekte pou sèvis swen sante yo oswa jwenn otorizasyon davans pou sèvis yo oswa pou medikaman yo.
- Pou soutni aktivite nou yo, amelyore swen ou yo, bay pwofesyonèl nou yo fòmasyon, epi evalye konpetans pwofesyonèl nou yo.
- Avèk asosye komèsyal nou yo, k ap ban nou sèvis oswa k ap bay sèvis nan non nou, tankou sèvis kontablite, ki ede nou nan aktivite komèsyal nou. Tout asosye komèsyal nou yo dwe pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sou sante w yo menm jan nou fè sa.

Nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo tou pou nou kontakte w pou rezon ki site pi ba yo:

- Pou nou fè w konnen lòt opsyon trètman ki posib, nouvo sèvis, posiblite pou w patisipe nan kèk rechèch, posiblite pou pataje avèk nou remake ou fè sou sèvis nou yo, ak lòt avantaj oswa sèvis ki gen rapò ak sante.
- Pou nou enfòme w sou sèvis ak swen ou gen pou w pran, sa ki gen ladan l randevou, rapèl sou renouvèlman, oswa lòt enfòmasyon nan menm sans lan ki gen rapò ak swen yo.
- Nan objektif pou ranmase don pou Ascension. Ou gen dwa pou w refize resevwa kominikasyon ki gen rapò ak ranmase don lè w reponn jan sa mansyone nan kominikasyon an, oswa lè w kontakte responsab Pwoteksyon Vi Prive a.

Nou gen pèmision tou, epi kèk fwa jan lalwa mande l, pou nou itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo avèk kèk

pwofesyonèl pou rezon ki site pi ba yo. Sa ka rive nou dwe respekte kèk egzijans anvan nou itilize oswa pataje enfòmasyon w yo nan ka sa yo. Men kèk egzanzp:

- Sante ak sekirite piblik: Rapòte yon maladi kontajye, nesans oswa lanmò; rapòte ka abi, neglijan, oswa vyolans konjigal; rapòte yon move reyaksyon ak kèk medikaman; prevansyon yon gwo menas pou sante ak sekirite
- Aplike lalwa: pou idantifye oswa lokalize yon moun yo sispèk, yon mawonyè, oswa yon moun ki disparèt; pou rapòte yon krim nan yon etablisman
- Pwosedi jidisyè ak administratif: Reponn ak yon desizyon jidisyè oswa administratif, tankou konvokasyon pou vin temwaye
- Konpansasyon domaj sou travayè ak lòt egzijans gouvènman an fè: Demann sou konpansasyon domaj sou travayè yo oswa odyans; ajans siveyans lasante pou aktivite lalwa otorize; fonksyon espesyal nan gouvènman (militè, sekirite nasyonal)
- Sekou lè gen katastwòf: Pataje adrès ou ak sityasyon w an jeneral nan objektif pou w enfòmè fanmi w oswa zanmi w epi ajans lalwa bay otorizasyon pou pote w sekou nan sityasyon ijans yo
- Respekte lalwa: Pou Ministè Sante ak Sèvis sosyal yo pou verifye si nou respekte lwa federal la sou zafè pwoteksyon vi prive a
- Rechèch: preparasyon yon etid rechèch; analiz dosye yon pwojè Komite Egzamen Enstitisyonèl (Institutional Review Board, IRB) la apwouve ki prezante yon risk ki fèb pou vi prive w; etid yo ki konsène sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak moun mouri yo.
- Ki gen rapò ak itilize oswa devwale enfòmasyon otorize: Lè yo rele w nan non w nan yon sal datant pou yon randevou epi lòt moun ka tande non w yo site a. N ap fè efò ki rezonab pou diminye itilizasyon oswa pataj pa aksidan yo.
- Bay yon direktè finèb, yon anketè, yon medsen lejis, selon egzijans travay yo.
- Bay òganizasyon k ap jere don ak grèf ògan yo, tisi yo, oswa je yo, nan limit sa nesesè pou travay yo

Nou patisipe tou nan divès echanj enfòmasyon sou sante, oswa HIE yo, pou pataje enfòmasyon w yo pa mwayen elektwonik nan kad swen w yo ak nan lòt objektif règleman HIPAA a otorize oswa lalwa egzije. Lòt moun k ap patisipe nan yon HIE dwe pwoteje enfòmasyon w yo tou. Ou gen dwa pou w refize pou yon HIE gen aksè ak enfòmasyon w yo nan tout lòt ka lalwa pa egzije, lè w kontakte responsab Pwoteksyon Vi Prive a jan sa endike nan Avi sa a.

Nan ka ki vini annapre yo, nou kapab itilize oswa pataje enfòmasyon w yo, sèlman si ou opoze ak sa oswa si w ban nou otorizasyon w dirèkteman. Si w pa nan kondisyon pou w ban nou otorizasyon w lan, pa egzanzp si w enkonsyan, nou ka pataje enfòmasyon w yo si nou kwè sa ap nan enterè w.

- Avèk fanmi w, zanmi w yo, oswa lòt moun k ap pran swen w oswa k ap peye pou swen w yo. Pa egzanzp, nou ka fè fanmi w konnen sityasyon w lè w kòmanse ap reprann ou aprè yon operasyon.
- Pou yon rejis enstalasyon ak sèvis chapèl la.

Nan sityasyon ki vin annapre yo, nou p ap itilize oswa nou p ap pataje enfòmasyon w yo sèlman si ou ban nou yon otorizasyon alekri. Ou kapab retire otorizasyon sa a nenpòt lè (sèlman si nou ta itilize l) lè w kontakte responsab Pwoteksyon Vi Prive a.

- Nan objektif komèsyal (jan règleman HIPAA defini l).
- Pou w vann enfòmasyon w yo oswa pou w peye yon lòt pati.
- Kèk echanj nòt sikoterapi.
- Tout lòt rezon Avi sa a pa eksplike.

Lè nou itilize oswa lè nou pibliye kèk enfòmasyon sansib, sa kapab fè tou gen kèk restriksyon siplemantè annakò ak lòt lwa federal yo oswa lwa leta. Sa gen rapò ak enfòmasyon ki konsène alkòl, dwòg, jenetik, sante mantal, ak VIH/SIDA.

Dwa w yo

Lè sa konsène enfòmasyon sou sante w, ou gen kèk dwa. Ou kapab:

- **Gen aksè, egzamine, kopye enfòmasyon** nou itilize pou pran desizyon ki gen rapò ak swen w. Ou

gen dwa egzamine epi jwenn yon kopi sou papye oswa elektwonik. Si w mande yon kopi enfòmasyon sa yo, nou kapab fè w peye l nan yon pri ki rezonab. N ap ba w yon kopi oswa yon rezime nan 30 jou (oswa pi bonè selon lwa chak eta) epi n ap avèti w sou nenpòt reta.

- **Demann enfòmasyon konfidansyèl.** Ou ka mande pou nou kominike avè w nan kèk fason. Nou ap di "wi" ak tout demann ki rezonab.
- **Mande yon restriksyon.** Ou ka mande pou nou redui sa n ap itilize oswa pataje pou tretman, pèman, ak jesyon swen sante yo. Nou pa oblije aksepte demann ou an epi nou ka di w "non". Lè w peye tout sèvis yo nèt ak pwòp kòb pòch ou, epi ou mande pou nou pa pataje enfòmasyon an avèk plan asirans ou an, nou reponn "wi", sèlman si gen yon lwa ki oblije nou pataje enfòmasyon sa yo.
- **Mande yon koreksyon** Ou ka mande nou korije (pote kèk chanjman) enfòmasyon sou sante w yo si yo pa egzak oswa yo pa konplè. Nou ka refize demann ou an, men n ap di w poukisa nou refize l pa ekri nan 60 jou.
- **Resevwa yon lis moun nou te pataje enfòmasyon w yo avèk yo.** Ou ka mande yon lis (kontablite) kantite fwa nou te pataje enfòmasyon w yo ak poukisa jiska sis (6) zan anvan demann ou an. Tout sa ki pibliye (pataje) pap fè pati lis sa a, tankou sa ki te pataje pou tretman, pèman, oswa jesyon swen sante yo. N ap ba ou yon kontablite gratis, men nou ka fè w peye yon pri ki rezonab ki baze sou depans yo si w mande yon lòt nan 12 mwa.
- **Jwenn yon kopi Avi sa a.** Ou ka mande nou remèt ou yon kopi (papye oswa elektwonik) nan Avi sa a nenpòt lè, oswa egzamine yon kopi sou sit entènèt nou an nan <https://healthcare.ascension.org/npp>.
- **Chwazi yon moun pou reprezante w.** Si w te bay yon moun yon otorizasyon medikal oswa si yon moun se reprezantan legal ou, moun sa a ka egzèse dwa w yo epi fè chwa ki gen rapò ak enfòmasyon sante w. Nan kèk sikonstans, yon timoun ki minè ka nan pozisyon pou l pran desizyon oswa egzèse dwa l yo poukont li.
- **Depoze yon plent.** Ou ka deposite yon plent si w twouve yo vyole dwa w yo. Ou ka kontakte responsab Pwoteksyon Vi Prive oswa Biwo Dwa sivil yo nan Depatman Sante Ameriken ak Sèvis Sosyal yo. Yo p ap penalize w, ni diskriminen w, ni menase w, ni minimize w, poutèt ou deposite yon plent.

Responsablite nou

- Lalwa oblije nou prezève konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante w yo.
- N ap avèti w si yo ta vyole lwa ki ta mete konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante w yo an danje.
- Nou dwe swiv prensip oswa pratik ki nan Avi sa a epi ba w yon kopi.
- Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo nan lòt fason ki diferan ak sa yo eksplike la a, sof si ou ban nou yon otorizasyon alekri. Si ou di nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt lè. Fè nou konnen pa ekri si w chanje lide.
- Nou gen dwa korije kondisyon Avi sa a epi koreksyon yo ap aplike nan tout enfòmasyon nou genyen sou ou yo.

Kesyon oswa Plent

Si w gen yon kesyon oswa si w ta renmen egzèse dwa ou genyen ki dekri nan avi sa a, tanpri kontakte responsab Pwoteksyon Vi Prive ki nan Ascension St. Vincent an nan 250 W. 96th Street, Suite 425, Indianapolis, IN 46260, pa telefòn sou 888-395-9888, pa imèl sou compliance.indiana@ascension.org. Pifò demann pou egzèse dwa w yo dwe fèt alekri. Pou deposite yon plent nan Biwo Dwa Sivil yo, ekri nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele nan 877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.